

Elèv k ap Antre nan Nevyèm Ane pou Ane Eskolè 2012-2013 la Sa Elèv ak Paran yo Bezwen Konnen

Ki opsyon ki genyen pou gen diplòm nòmal ki mande pou w fè 24 kredi a?

4 kredi pou Anglè kòm Kominikasyon oral/ekri (ELA)
Ak konsantrasyon prensipal nan konpozisyon ekri, lekti enfòmativ ak literati
4 kredi Matematik
Yon kredi pami yo dwe pou Aljèb 1 oswa ekivalan li epi yon lòt kredi dwe pou jewometri oswa ekivalan li
3 kredi nan Syans
Yon kredi dwe pou Biyoloji 1, de lòt yo dwe gen yon konpozant pou laboratwa
3 kredi nan Syans Sosyal
1 kredi pou Istwa Jeneral, 1 kredi pou Istwa Etazini, .5 kredi pou Gouvènman Etazini, epi .5 kredi dwe pou ekonomi
1 kredi nan Atizay Plastik ak Atizay Senik, Retorik ak Deba oswa Atizay Pratik
Kou ki valab yo mansyone nan Lis Jeneral Kòd Kou Florida yo nan http://www.fldoe.org/articulation/CCD/default.asp
1 kredi pou Edikasyon Fizik
Ki gen ladan nosyon entegrasyon sou lasante
8 kredi nan kou elektif
Remak: li obligatwa pou gen 2 kredi nan menm lang etranjè a pou asepte admisyon w nan inivèsite leta yo
1 kou anliy sou entènèt

18 kredi Pwogram Etid Akademik ki Egzijan pou Amelyore Aprentisaj lekòl (ACCEL)

- Edikasyon fizik pa obligatwa
- 3 kredi pou kou elektif
- Klas anliy sou entènèt pa obligatwa

Tout lòt kondisyon gradyasyon pou jwenn yon diplòm nòmal ak reyalize 24 kredi yo dwe satisfè (dapre seksyon 1003.4282(3)(a)-(e), Lwa Eta Florida [F.S.]).

Elèv la dwe konplete ak reyalize

- 24 kredi pou gen yon diplòm etid segondè nòmal,
- 18 kredi ak opsyon ACCEL,
- Sètifika Edikasyon Entènasyonal Avanse nan pwogram etid (AICE) a, oswa
- Diplòm pwogram etid Bakaloreya Entènasyonal (IB) la.

Elèv yo dwe gen yon mwayèn jeneral 2.0 sou yon echèl 4.0 ak pase tout evalyasyon jeneral leta ki egzijib yo.

Èske elèv ki chwazi opsyon 24 kredi a kapab gradye bonè oswa avan lè?

Wi, elèv ki gen tan reyalize tout kondisyon egzijib ki nan pwogram pou fè 24 kredi pou kab gradye ak resevwa yon diplòm nòmal la gen dwa gradye nan mwens pase uit semès.



Foto koutwazi Digital Vision/Thinkstock

Ki sa ki Pwogram Kredi Akselere a (abreje CAP ann anglè)?

Pwogram sa a pèmèt elèv nivo segondè yo jwenn kredi pou yon seri tès evalyasyon leta bay san yo pa bezwen enskri pou al chita pran kou a. Pami kou sa yo, ou jwenn:

- Aljèb 1
- Jewometri
- Istwa Etazini
- Biyoloji 1

Kalite Diplòm

Diplòm akademik

Anplis kondisyon 24 kredi pou diplòm nòmal la, elèv la dwe tou:

- Pase tèst evalyasyon ELA leta mete pou tout elèv 11^{yèm} ane yo yon fwa yo fin mete li sou pye
- Gen 1 kredi pou Aljèb 2, pase egzamen Aljèb 2 a yon fwa yo fin mete li sou pye
- Gen 1 kredi pou estatistik oswa yon lòt klas matematik ki menm nivo a
- Pase klas Biyoloji 1 EOC a
- Gen 1 kredi pou klas chimi oswa fizik
- Gen 1 kredi pou yon lòt klas ki nan menm nivo ak klas chimi oswa fizik la
- Pase klas Istwa Etazini EOC a
- Gen 2 kredi nan menm lang etranjè a
- Gen omwen 1 kredi nan klas Plasman Avanse (AP), IB, AICE oswa yon kou a doub pòte.

Diplòm Merit

Anplis kondisyon pou jwenn diplòm nòmal la, elèv la dwe tou:

- Gen youn oswa plizyè sètifikasyon endistriyèl nan lis ki tabli a (dapre s. 1003.492, Lwa Eta Florid)

Opsyon kou akselere ak kou avanse yo gen ladan yo kou a doub pòte yo ak admisyon alavans, Pwogram AICE, Pwogram AP, Pwogram IB a ak pwogram sètifikasyon endistriyèl la. Pou plis enfòmasyon, vizite www.fldoe.org/schools/SupportForNGHS.asp.

Pou plis enfòmasyon sou pwogram gradyasyon chak distri lekòl leta yo genyen bò lakay yo an patikilye, tanpri kontakte konsye akademik lekòl la. Depatman Edikasyon Nasyonal Eta Florid gen plis resous disponib sou kondisyon gradyasyon yo li founi tou sou sit entènèt la nan paj www.fldoe.org/bii/studentpro/grad-require.asp.

Opsyon aprè Etid Segondè

Sistèm Inivèsite Leta

Admisyon nan Inivèsite piblik Eta Florida yo fèt sou baz konpetisyon. Elèv ki gen sa nan pwojè yo dwe suiv yon pwogram etid ki egzijan pandan yo nan nivo segondè a ak aplike nan plis pase yon sèl grenn inivèsite pou kab ogmante chans admisyon yo. Pou kalifye pou antre nan youn nan divès inivèsite piblik Eta Florid yo, elèv k ap antre pou premye fwa yo dwe omwen ranpli minimòm kondisyon sa yo:

- Gradye nan etid segondè ak diplòm nòmal
- Nòt egzamen admisyon I yo
- 16 kredi pou kou akademik preparatwa pou kolèj
- 4 kredi pou Anglè (3 ak anpil konpozisyon ekri)
- 4 kredi Matematik (Nivo Aljèb 1 oswa pi wo)
- 3 kredi syans natirèl (2 ladan yo ak konpozant laboratwa)
- 3 kredi pou syans sosyal
- 2 kredi pou lang etranjè (an sekans, pou menm lang nan)
- 2 kredi pou kou elektif apwouve

www.flbog.edu/forstudents/planning

Sistèm Kolèj Florida a

Gen 28 kolèj oswa inivèsite leta ladan. Enstitisyon sa yo ofri sètifika pou yon seri pwogram pwofesyonèl ak diplòm teknik pou de zan etid ki kab prepare elèv yo ak pèmèt yo transfere ale nan yon pwogram kat ane etid pou fè yon lisans oswa pou kab al fè yon seri dyòb ki mande yon fòmasyon teknik byen detèmine. Plizyè ladan yo ofri tou diplòm bakaloreya nan yon seri domèn ki gen gwo demand sou mache a. Enstitisyon ki fè pati sistèm Inivèsite Eta Florid la gen yon politik pòt ouvèt. Sa vle di y ap asepte admèt elèv ki gen yon diplòm segondè nòmal, oswa yon diplòm ekivalans segondè oubyen ki bay prèv yo te pase kou nivo siperyè yo te pran yo pou antre nan yon pwogram de zan etid siperyè.

www.fldoe.org/fcs

Èd finansyè

Biwo Èd Finansyè pou Elèv yo administre divès pwogram alokasyon ak bousdetid leta genyen pou ede elèv nan zafè edikasyon siperyè aprè etid segondè yo.

www.floridastudentfinancialaid.org/

Pwogram bousdetid "Bright Futures"

Pwogram bousdetid Bright Futures Florida a rekonpanse elèv yo pou reyalizasyon akademik yo akonpli pandan etid segondè yo kote li mete fon disponib aladispozisyon pou yo kab ale nan yon enstitisyon ansèyman siperyè nan Eta Florida a.

www.floridastudentfinancialaid.org/SSFAD/bf/

